



Pou Piblikasyon Imedya: 04/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRI KONSÈVASYON ISTORIK ETA NEW YORK POU ANE 2020 LA

Onz prim ki deziyen pou onore konsèvasyon istwa Afriken-Ameriken an, Achitekti Olandè a, Bibliyotèk Carnegie yo, ak Gwoup Defans pou prezèvasyon istorik nan tout Eta a

[Foto yo disponib isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke onz pwojè k ap prezève istwa eta a, sòti nan yon reyabilitasyon etab Olandè dizwityèm syèk la rive nan yon enstalasyon atis k ap komemore lavi nwa yo nan Sit Istorik Eta Fèm John Brown (John Brown Farm State Historic Site) lan, yo deja resewa Pri Konsèvasyon Istorik Eta a nan ane 2020 yo. Se Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ki bay Pri Konsèvasyon Istorik Eta a, ki te lanse nan ane 1980, chak ane pou onore ekselans nan pwoteksyon ak revitalizasyon resous istorik ak kiltirèl yo. Gouvènè a te siyen lejislasyon an tou nan ane 2013 pou ranfòse itilizasyon eta nan kredi taks pou renovasyon yo, ki te pèmèt reyalize plizyè milya dola nan investiman ki te fèt pou pwopriyete komèsyal istorik yo ak dizèn milyon nan kay istorik ke pwopriyete yo rete.

"Prim Konsèvasyon Istorik Eta a nan ane 2020 an ede ranfòse efò yo pou kenbe istwa rich New York la pwoteje epi aksesib pou tout moun", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè istorik sa yo demontre divèsite eksperyans New York te viv depi lè fondasyon eta nou an. New York rekonesan pou administratè ki devwe nan chak sit, ki bay sipò inestimab nan konsakre anpil èdtan nan pwoteksyon sit istorik yo pou tout moun aprann de yo epi jwi yo."

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Divèsite pwojè yo ke yo te rekonèt demontre ke konsèvasyon kòmanse ak moun lokal ki pasyone k ap elaji defans yo an patenarya pwodiktif. Nou fyè dèske nou se youn nan patnè sa yo e nou felisite tout moun ak gwoup yo pou efò ekstraòdinè yo pou konsève lye istorik sa yo".

Benefisyè yo pou Pri Konsèvasyon Istorik Eta a pou ane 2020 sa se:

**Bibliyotèk Binghamton Carnegie, Konte Broome
Ekselans nan Renovasyon Bilding Istorik**

Ansyen Bibliyotèk Carnegie a nan anba lavil Binghamton te transfòme an Sant Kilinè ak Evènman SUNY Broome (SUNY Broome's Culinary and Events Center) k ap sèvi pwogram akèy lekòl la. Pwojè reyabilitasyon 21.5 milyon dola te itilize avèk siksè kredi taks komèsyal pou revitalize batiman istorik la an yon etablisman edikasyon ak evènman modèn.

Cropsey Barn, New City, Konte Rockland

Ekselans nan Renovasyon ak Konsèvasyon Bilding Istorik

Fanmi Cropsey te pran yon angajman ekstraòdinè nan reyabilitasyon ak itilizasyon alontèm yon pwopriyete ki nan lis Rejis Nasyonal ak Eta New York la. Nan krentif pou pèdi yon sit agrikòl elaji, fanmi an te transfere dwa pwopriyete etab ak tèren dizwityèm syèk yo a bay konte a ak yon kontra restriktif ki asire lavni agrikòl li. Nan travay avèk yon gwoup atizan metye tradisyonèl ak restoratè batiman, etab la te konplètman retabli e kounye a se asosyasyon lokal Agrikilti ke Konte a Patwone (County Sponsored Agriculture, CSA) ki itilize li pou plante ak rekòlte pwodwi ke yo kiltive biyolojikman.

Holley Gardens, Vilaj Holley, Konte Orleans

Ekselans nan Renovasyon Bilding Istorik

Li te konstwi ant 1930 ak 1931, ansyen Holley High la te vid depi 1975. An 2020, Home Leasing ak Edgemere Development te acheve yon reyabilitasyon dramatik nan batiman an ki te kreye 41 inite lojman abòdab pou granmoun aje yo ak nouvo biwo ak espas reyinyon pou gouvènman vilaj la. Devlopè yo te itilize alafwa pwogram Kredi Taks Istorik (Historic Tax Credit) ak Kredi Taks sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credit) eta a yo pou ede ak re-adaptasyon an.

Dr. Ferguson's House, Glens Falls, Konte Warren

Ekselans nan Renovasyon Bilding Istorik

Lè Dr. Ferguson's House (Kay Doktè Ferguson) te manase pou yo te demoli li, konsèvasyonis lokal Darren & Lisa Tracy te fè entèkansyon pou reskape li. Avèk planifikasyon ak kowoperasyon ki fèt ak swanyezman, fanmi Tracy te reyabilite baiman ki enskri nan Rejis Nasyonal 1870 la lè l sèvi avèk Kredi Taks Istorik Federal & Eta pou itilize kòm yon batiman apatman, kidonk li epanye yon trezò kominotè enpòtan.

Onderdonck-Tallman-Budke House, Clarkstown, Konte Rockland

Ekselans nan Renovasyon Bilding Istorik

Konstwi ant ane 1790 yo ak ane 1870 yo, epi li te okipe pou dènye fwa nan ane 1930 yo, Onderdonck-Tallman-Budke House la te tonbe an delambreman. Avèk èd fon vil la, kay Olandè istorik ki fèt ak wòch sedimantè ke yo te restore ak anpil atansyon epi sèvi kòm yon resous edikatif nan Pak Germonds Clarkstown lan.

Fire Watchtower nan Marcus Garvey Park, Harlem, Vil New York

Ekselans nan Renovasyon Estrikti Istorik

Pou anpil moun yo te konnen li tankou Harlem Fire Watchtower, estrikti an fè an 1856 nan Marcus Garvey Park se yon ablèm kominotè ke Vil New York te posede. Ankouraje pa defans sitwayen yo, yo te etabli yon patenarya piblik-prive pou retabli Watchtower, ki te lakòz kontribisyon konsiderab ki soti nan Konsèy Vil New York, Majistra, ak Biwo

Prezidan Minisipalite a. Reyabilitasyon ke li lakoz la konsève yon senbòl dirab idantite Harlem ak eritaj istorik

Bibliyotèk Carnegie nan Vil New York

Ekselans nan Dokimantasyon Istorik

Sa ki te kòmanse an 2009 kòm yon pwojè pa Konsèy Distri Istorik la pou fè sondaj sou Bibliyotèk Carnegie yo nan Vil New York, abouti nan kreyasyon yon Fòmilè Dokimantasyon sou Plizyè Pwopriyete ki te apwouve pa Sèvis Pak Nasyonal la nan mwa septanm 2020 an. Etabli siyifikasyon resous sa yo fasilite lis fiti pou batiman kominotè ke yo renmen anpil sa yo.

Mary E. Bell House, Center Moriches, Long Island

Ekselans nan Akonplisman Òganizasyonèl

Restorasyon ak lis rejis istorik Mary E. Bell House la konsève yon istwa pwopriyete nwa Lonanng Island pandan dizvenyèm syèk la epi dokimante wòl santral fanm nan kominote Afriken Ameriken Moriches la. Konstwi an 1872, kay la te okipe pa fanmi Smith ak fanmi Bell pou plis pase 100 ane. Pwopriyete Mary Bell te fè konnen enpòtans li nan kominote a pou asosyasyon li an ak Moriches AME Zion Church. Apati 2011, kay la te tonbe an delambreman. Vil Brookhaven te akeri pwopriyete a epi yo te antre nan yon akò fòmèl ak Fondasyon Ketcham Inn (Ketcham Inn Foundation) pou restore batiman an, ki kounye a opere kòm sit istorik.

Vilaj Heuvelton, Konte St. Lawrence

Ekselans nan Administrasyon Akeyoloji

Vilaj Heuvelton te dekouvri plizyè fineray istorik sanzatann nan ansyen vilaj "ansyen simetyè" pandan yon pwojè reyabilitasyon rezvwa dlo ak egou. Atravè rechèch ak kowòdinasyon ki fèt ak atansyon ak ajans ki enplike yo, vilaj la te simonte defi fouy rès imen yo avèk siksè ak sansiblite pou etid ak re-antèman davantaj.

Memorial Field for Black Lives, Sit Istorik Eta Fèm John Brown, Konte Essex

Ekselans nan Entèpretasyon Sit Istorik ak Angajman Piblik

Nan travay ak gwoup saN bi likratif John Brown Lives la!, Atis Karen Davidson Seward te kreye Memorial Field for Black Lives kòm yon espas pou rekonèt lit pou egalite nan Etazini an repons a asasina brital Ameriken Nwa ki pa te ame yo ak manifestasyon toupatou yo ete sa a. Ekspozisyon an te debite nan Sit Istorik Eta Fèm John Brown, ki se kay ak dènye lye repo yon abolisyonis ki te bay lavi li pou mete fen nan esklavaj.

Òganizasyon Defans pou Konsèvasyon Istorik Toupatou nan Eta a

Ekselans nan Reyalizasyon Òganizasyonèl Konsèvasyon Istorik

2020 an te san parèy nan enpak li yo nan kominote yo toupatou nan Eta New York. Òganizyon Prezèvasyon eta a te leve defi pwogramasyon an pandan yon pandemi mondyal ak yon ane politik konplike. Enjenyozite yo, rezilyans yo, ak kreyativite pwouve ke prezèvasyon enperatif nan kalite lavi epi yo pral esansyèl nan simonte chemen k ap mennen nan rekiperasyon ekonomik lan.

Divizyon pou Konsèvasyon Istorik (Division for Historic Preservation) Eta New York la ede kominote yo idantifye, evalye, prezève epi revitalize resous istorik, akeyolojik ak kiltirèl yo. Divizyon an travay ak gouvènman, piblik la, ak òganizasyon edikatif, ki pa pou pwofi pou sansibilize sou konsèvasyon istorik, pou enstwi Nouyokè yo yon sans fyète nan istwa inik eta a epi ankouraje eritaj touris ak revitalizasyon kominotè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)